

# Depanse Sibvansyon FEMA ou a avèk sajès epi sèlman sou depans ki gen rapò ak katastwòf yo

---

Release Date: Septanm 13, 2021

**BATON ROUGE, LA** - Kòm Pwopriyetè kay ak lokatè Lwizyan ki afekte nan Siklòn Ida yo kòmanse resevwa lajan FEMA pou katastwòf yo, li enpòtan pou itilize lajan an pou depans espesifik ki gen rapò ak katastwòf yo.

FEMA ede sivivan yo kenbe depans yo sou bon chimen an kote yo voye yon lèt detèminasyon ki endike pou kisa lajan yo ye epi ki endike fason yo ka itilize lajan an. Sibvansyon pou katastwòf yo pa pou depans regilye pou viv.

Kèk egzanp depans ki apwouve gen ladan:

- Reparasyon Kay (egzanp, estrikti, dlo, sistèm septik ak dlo egou)
- Asistans lokasyon pou lwave ak / oswa depo garanti
- Reparasyon oswa ranplasman yon machin esansyèl
- Swen medikal oswa dantè pou yon chòk ou te pran nan dezas la ou pa te gen asirans pou li
- Materyèl edikatif ki nesesè (pa egzanp, òdinate, liv lekòl, founiti)
- Depans demenajman ak depo ki gen rapò ak dezas la
- Ranplasman pwopriyete esansyèl pèsonèl tankou aparèy oswa kabann nan yon chanm moun ap viv ladan
- Ogmantasyon depans gadri

Li enpòtan pou w li lèt detèminasyon an ak anpil atansyon. Ou ta dwe kenbe resi pou tout depans yo pou omwen twa (3) lane, paske yo ka fè yon odit pou finansman pou dezas. Si ou te depanse peman an sou nenpòt lòt bagay ki pa objektif li sipoze a, yo ka refize ou asistans pou katastwòf pi devan. Nan kèk ka, FEMA ap mande pou yo remèt lajan an.



**FEMA**

Page 1 of 2

Anplis, li enpòtan pou aplikan yo asire FEMA gen enfòmasyon kontak ki pi ajou yo, tankou adrès, nimewo telefòn ak kont labank. Si FEMA pa gen bon enfòmasyon pou kontakte yon sivivan, yo ka pa jwenn lèt oswa kout fil konsènan aplikasyon pou asistans ak peman yo.

Pou nenpòt kesyon, rele Liy Èd FEMA, **800-621-3362**. Itilizatè TTY yo ka rele **800-462-7585**. Moun ki ap itilize yon sèvis relè tankou yon videyofòn, Innocaption oswa CapTel dwe bay FEMA nimewo espesifik yo genyen ki asosye ak sèvis sa a.

Pou jwenn dènye enfòmasyon yo, ale sou [fema.gov/disaster/4611](https://fema.gov/disaster/4611). Swiv kont Twitter FEMA Rejyon 6 la [twitter.com/FEMAREgion6](https://twitter.com/FEMAREgion6) oswa sou Facebook nan [facebook.com/FEMAREgion6/](https://facebook.com/FEMAREgion6/).



**FEMA**

Page 2 of 2